

X. NGAREGEPKEUN

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan ngaregepkeun dina basa jeung sastra Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- (1) ngécéskeun wangenan ngaregepkeun,
- (2) ngécéskeun fungsi jeung mangpaat ngaregepkeun,
- (3) ngécéskeun tahap-tahap ngaregepkeun,
- (4) ngécéskeun warna ngaregepkeun, jeung
- (5) ngécéskeun ambahan bahan ajar ngaregepkeun.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung tilu perkara kayaning (1) wangenan ngaregepkeun, (2) fungsi jeung mangpaat ngaregepkeun, (3) tahap-tahap ngaregepkeun, (4) warna ngaregepkeun, jeung (5) ambahan bahan ajar ngaregepkeun. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Wangenan Ngaregepkeun

Kegiatan ngaregepkeun mangrupa salahsahiji tina opat aspék (*caturtunggal*) kaparigelan makéna basa. Dina harti sapopoé, kegiatan ngaregepkeun téh aya kalana sok dipacorokeun jeung kegiatan ngadéngékeun. Tapi mun seug dilelekan, tétéla aya bédana antara ngadéngé jeung ngaregepkeun téh. Hartina lamun ngadéngé mah can tangtu ngaregepkeun, sedengkéun ari ngaregepkeun mah tangtu baé kudu ngadéngé éta sora.

Istilah ngadéngé (mendengar, *hearing*) sok dianggap ukur prosés fisiologis, ti mimiti datangna gelombang sora anu engkéna ngeundeurkeun kekendangan, anu disebut *vibrasi*. Ieu *vibrasi* téh diteruskeun ku tulang-tulang lalambut anu aya dina ceuli bagéan tengah tur diteruskeun kana ceuli bagéan jero, atawa kohléa (*cochlea*). Satuluyna

vibrasi dirobah kana saraf pangrungu sarta ngahuluwotan kana uteuk. Uteuk sacara otomatis bakal apaleun yén anu datang téh sora tur ieu prosés téh lumangsungna lain karana usaha. Ku lantaran otomatis téa, nya sok aya kalana éta sora téh teu bisa dieureunan. Nu antukna lamun pareng embung ngadéngé, tangtu waé kudu meungpeukan ceuli.

Ngadéngékeun béda deui jeung kagiatan ngaregepkeun (menyimak, *listening*). Ngaregepkeun mah mangrupa prosés atawa aktivitas kamahéran basa anu kompléks. Pangna disebut kompléks téh sabab teu kalis ku ngadéngé sorana wungkul tapi ogé meredih konséntrasi anu daria deuih. Tanpa konséntrasi anu daria, pamohalan urang bisa maham eusi wacana regepan kalawan hadé. Sajeroning lumangsungna prosés ngaregepkeun, kagiatan mental urang (paregep) téh bakal aktip milih atawa ngajén informasi anu pinilih. Ku kituna, paraahli pangajaran ngaregepkeun sapuk tur sapamadegan yén ngaregepkeun téh mangrupa kagiatan anu sipatna *reséptif aktif*.

Jadi, tétéla ngaregepkeun téh lain prosés anu gampang. Lantaran dina emprona teu sakabéh jalma atawa siswa bisa jeung mampuh ngaregepkeun kalayan hadé. Lian ti éta, ngaregepkeun ogé raket patalina jeung pasipatan sopan atawa henteuna hiji jalma. Sopan henteuna hiji jalma kadangkala bisa katitén, naha éta jalma boga sikep ngaregepkeun anu hadé atawa henteu. Jadi, kamahér ngaregepkeun téh gumulung jeung tatakrama sopan santun sarta ajén intéléktual paregepna.

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda*, ngaregepkeun asalna tina kecap *regep* nu hartina ngabandungan enya-nya. Ku kituna, ngaregepkeun mah lain ukur ngadéngékeun sora atawa caritaan, tapi mangrupa hiji kagiatan anu ngandung maksud pikeun meunangkeun eusi katut maksud caritaan.

Ilaharna ari ngaregepkeun mah sok ti kadeukeutan, sangkan sora atawa caritaan téh kadéngé kalawan écés tur jéntré. Ku lantaran ngandung tujuan pikeun meunangkeun hasil tina sora nu kadéngé. Tegesna, ngaregepkeun téh lain sakadar ngarti kana sora nu kadéngéna wungkul, tapi kudu bari jeung nyangkem kana eusi nu didéngékeunana. Ku kituna, ngaregepkeun kudu daria sarta dipigawé ti kadeukeutan, sabab pikeun nangkep informasi anu leuwih hadé mah kudu bari dibantu ku indra séjén, kayaning paninggal jeung sikep dina mangsa ngaregepkeun.

Aya tilu kamampuh anu baris ngawarnaan prosés ngaregepkeun, nya éta: a) *kamampuh museurkeun panitén*, b) *kamampuh linguistik*, jeung c) *kamampuh ngajén atawa vérifikasi*. Prosés nu *kahiji*, kamampuh

museurkeun panitén téh kacida gedé gunana geusan ngaidéntifikasi sora-sora basa. Ari nu *kadua*, kamampuh linguistik gunana pikeun maham; sedengkeun nu *katilu* kamampuh ngajén atawa vérifikasi gunana pikeun nyieun tinimbangan, nguji sarta matalikeun harti kecap, kalimah, jeung pangalaman batiniah mangsa lawas paregep.

Tina éta kagiatan téh aya opat tahapan ngaregepkeun, nya éta: *a) tahapan mireng, b) tahapan maham, c) tahapan ngajén, jeung d) tahapan ngaréaksi.*

Dina tahapan *mireng*, aktivitas ngaregepkeun téh lumangsung kalawan teu dihaja, anu sipatna *insidental*. Lamun tahapan *maham*, lumangsungna kagiatan ngaregepkeun téh mangrupa aktivitas (prosés) narjamahkeun (interpretasi atawa persépsi). Pemahaman atawa persépsi téh bisa kacangking ku cara ngawasa kekecapan (babaran kecap) jeung kalimah; nu di jerona ngawengku: cara nyarita, sora basa, randegan, pasemon, tempat, jeung ka saha-sahana éta informasi téh tinujuna. Ari tahapan *ngajén* (vérifikasi) mah mangrupa kagiatan ngajén informasi ku pirang-pirang data atawa bukti anu luyu atawa henteuna jeung pangalaman paregep. Tahapan *ngaréaksi* lumangsungna mangrupa réson, sikep, pasemon jeung aktivitas ragawi, kayaning: nyatujuan, nolak, gogodeg, méré semu, atawa milampah hal-hal anu perlu sabada ngaregepkeun anu luyu jeung persépsina.

Dumasar kana pedaran di luhur, urang bisa nyindekkeun yén ngaregepkeun téh *mangrupa kagiatan anu kompléks nu sifatna reséptif aktif, meredih konséntrasi anu daria, interpretasi, persépsi, aprésiasi, évaluasi jeung réaksi*. Lian ti éta, prosés ngaregepkeun ogé *meredih kamampuh linguistik, cara ngaregepkeun anu éféktif, sarta kasayagaan méntal jeung fisik anu prima*.

2. Fungsi jeung Mangpaat Ngaregepkeun

Maksud atawa tujuan ngaregepkeun bisa rupa-rupa, gumantung kana sipat jeung kaayaan. Upama dipasing-pasing mah fungsi atawa mangpaat ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa:

- a) nyangkem informasi;
- b) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé;
- c) sangkan bisa ‘ngaréson’ anu leuwih merenah kana naon anu kadéngé;
- d) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung
- e) nangekep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

Tegesna, ngaregepkeun téh mangrupa métode pikeun nangkep informasi jeung ma'na tina pangalaman pangrungu. Pikeun nangkep atawa ngumpulkeun informasi atawa ngaregepkeun anu hadé, bisa dipangaruhan ku tilu aspék, nya eta (1) persépsi, (2) intelegensi, jeung (3) mikir.

Nu dimaksud *persépsi* téh mangrupa fisiologis jeung psikologis dina ningkesna wincikan-wincikan anu patalina tina data.

Ari *intelegensi* mangrupa kamampuh nangkep eusi. Gancang atawa kendorna dina nangkep eusi carita bisa gumantung kana intelegénsi. Upama jalma nu punjul intelegénsina baris mampuh pikeun matalikeun data nu katangkep jeung data anu geus dipibanda, sarta mampuh nyieun analisis pikeun nyokot hiji kacindekan.

Lebah aspék *mikir* sok dipatalikeun jeung pasualan ngaidéntifikasi. Waktu nangkep informasi dina ngaregepkeun, pikiran téh sok muter, mulak-malik ingétan kana sakumna data anu geus nyampak. Satutas pikiran téh jalan, tuluy éta data anyar téh diolah tur dipatalikeun jeung data heubeul. Tina éta prosés téh tuluy jadi ngarti sarta baris jadi data anyar hasil tina patalina data nu katangkep jeung data anu geus nyampak.

3. Tahap-Tahap Prosés Ngaregepkeun

Ditilik tina tahap-tahapna, prosés ngaregepkeun téh bisa dibagi jadi sababaraha tahap, nya éta:

- a) *misah-misahkeun*: sakur nu katangkep dina ngaregepkeun diserep sarupa-sarupa; kecap-kecap, gagasan, fakta, susunan jsté.
- b) *idéntifikasi*: sakur nu kawilang istimewa dina hasil ngaregepkeun, satutas nginget-ninget deui tuluy dihartikeun atawa diidéntifikasi.
- c) *ngaranjing-ranjing*: sakur nu katangkep dina waktu ngaregepkeun, diranjingkeun jeung informasi séjén nu geus nyampak. Ku lantaran kitu, pangaweruh nu nyampak pohara pentingna.
- d) *ngabanding-banding*: informasi nu katangkep dibanding-banding jeung pangaweruh anu geus kapimilik. Lamun informasi anyar ngadeudeul kana informasi heubeul papahaman ti heula, prosésna bakal gancang. Tapi lamun henteu luyu, tuluy dipilih informasi mana nu leuwih keuna atawa leuwih hadé.
- e) *nafsiran*: aktif ngépaluasi sakur anu katarima jeung ti mana asalna; nimbang-nimbang pikeun nolak atawa narima.

f) *nyarungsum*: ngalengkepan atawa ngeusian wincikan poko-poko pedaran ku data atawa gagasan anu sipatna nandeskeun, tina kabeungharan pangaweruh urang sorangan.

g) *introspeksi*; sajeroning mulak-malik jeung ngabanding-banding informasi téa, sarta nyoba dilarapkeun kana kaayaan diri sorangan.

Tina pedaran di luhur tétéla yén ngaregepkeun téh lain paripolah pasif, tapi mangrupa kagiatan anu mibutuh prosés (aktivitas) anu daria atawa saregep.

Faktor-faktor anu mangaruhan kualitas ngaregepkeun, saeutikna aya lima rupa:

a) *tanggung* (sikep, *attitude*); leuwih saregep ngabandungan jejer pedaran anu tetep jeung diri urang. Dina lebah teu cocog atawa teu panujuna, biasana sok ngolémbur. Komo deui upama papalingpang.

b) *motivasi*, karep: sajeroning ngaregepkeun téh dibarengan ku sistem nilai (ajén inajén) urang sorangan. Upama tétéla loba pulunganeun, ngaregepkeun téh biasana sok jadi saregep. Sabalikna upama haté teu méréan, pédah taya pulunganeunana aya kalana sok leungit sumanget jeung leungiteun karep.

c) *pribadi* (*personality*); hartina diri urang sorangan kacida mangaruhanana kana peran ngaregepkeun. Lamun urang kagolong kana jalma nu sok resep silih pairan pamanggih, tenget, jeung boga sifat resep nganalisis, biasana dina prakna ngaregepkeun téh bakal papalingpang jeung jalma anu boga sipat sabalikna.

d) *kaayaan* (*life situation*); kaayaan sabudeureun riungan, bakal mangaruhan kana hasil ngaregepkeun. Tegesna, ngabandungan dina situasi tingtrim bakal leuwih beubeunangan ti batan dina kaayaan nu loba gangguan, boh gangguan sora séjén boh katingtriman patempatan.

e) *Kabisaaan* (*habitual*): ngaregepkeun ku pangjurung kabisaaan atawa pagawéan bakal leuwih luhur ajénna. Umpama baé mahasiswa lantaran geus biasa téa, tangtu bakal leuwih luhur ajénna.

Ngaregepkeun dina pangajaran basa kaasup kana salahsahiji kaparigelan makéna basa. Pikeun nyangking jeung murba kana kaparigelan ngaregepkeun tangtu baé perlu diulik, dilatih jeung dibiasakeun. Atuh pikeun ngaronjatkeun kamampuh atawa kaparigelan ngaregepkeun, kawilang perlu niténan padika-padika ieu di handap:

- a) daék mekarkeun karep jeung pangaresep ngaregepkeun;
- b) daék ngaronjatkeun kabisaan ngabandungan kalawan saregep, bari dibantuan ku panca indera séjénna;
- c) kudu daék numplekkeun perhatian sagemblengna;
- d) ulah gancang nyokot kacindekkan saméméh pedaran anggeus;
- e) kudu nengetan eusi jeung gagasan anu dipedar;
- f) kudu ngagunakeun kamampuh mikir, pikeun neguh pedaran satuluyna;
- g) kudu ngagunakeun lolongkrang waktu pikeun ningkeskeun pedaran.

5. Warna Ngaregepkeun

Ngaregepkeun téh aya sabaraha rupa, gumantung kana kritéria papasinganana. Dumasar kana tujuan jeung jero-déétna bahan regepan, aya dua rupa ngaregepkeun nya éta: 1) ngaregepkeun *inténsif* jeung 2) ngaregepkeun *éksténsif*. Dina pangajaran basa, ngaregepkeun intensif jeung éksténsif kawilang utama fungsina téh.

Ngaregepkeun inténsif nya éta ngaregepkeun nu salawasna aya dina panalinaan guru. Panalinaan téh bisa mangrupa aktivitas guru enggoning nuyun siswa dina kagiatan maham, nyieun kacindekan, mairan, nyaritakeun deui eusi regepan. Atawa mangrupa panuyun ti guru ka siswa dina enggoning milampah hal-hal anu kawilang perlu sabada mireng jeung ngaregepkeun wacana regepan.

Demi *ngaregepkeun éksténsif* nya éta aktivitas ngaregepkeun nu aya patalina jeung hal-hal nu leuwih umum, teu kauger ku hal-hal nu ngawatesanan kana hiji pedaran. Ngaregepkeun éksténsif lumangsung tanpa panuyun ti guru; biasana mangrupa kagiatan aplikatif. Aktivitas ngaregepkeun biasana matalikeun pangalaman-pangalaman batiniah; pangalaman mangsa lawas téh jadi bahan pikeun ngawewegan pamadegan anu geus nyampak dina batin paregep.

6. Bahan Ajar Ngaregepkeun

a. Kriteria Milih Bahan Pangajaran Ngaregepkeun

Bahan pembelajaran ngaregepkeun téh kudu mangrupa wacana ngaregepkeun, anu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Eusi wacana ngaregepkeun bisa dijieun jadi bahan kajian *babaran kecap*, *gaya basa*, jeung *struktur* anu luyu

dumasar kana psikologi perkembangan anak (tujuan program). Ku kituna, para guru basa Sunda boh di SD boh di MI diperedih pisan wanoh kana kriteria milih bahan (wacana) anu hadé.

Ieu di handap baris dipidangkeun kritéria milih bahan pembelajaran ngaregepkeun di SD, kayaning:

(1) Relevansi jeung KSK 2004 anu ngawengku: (a) Standar Kompetensi, (b) Kompetensi

Dasar, (c) Indikator, jeung (d) Materi Poko.

(2) Eusi wacana, anu ngawengku: tuladaneun, jauh tina sora, relevan jeung kamampuh

siswa, jeung ngawewegan ajen/norma kahirupan.

(3) Basa wacana anu ngawengku (a) ejaman nu bener tur diksina nu merenah, (b) adegan

kecap jeung kalimahna baku, jeung (c) komunikatif.

(4) Adegan wacana anu ngawengku: (a) panutup, (b) hubungan antarbagian jeung

antarparagraf *kohéren*, jeung (c) ulah panjang teuing

b. Ambahan jeung Prinsip Nyusun Materi Poko

Pikeun nangtukeun legana ambahan téma ngaregepkeun téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacana ngaregepkeun. Ari téma téh mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup).

Kumaha patalina antara téma jeung kamaheran basa, utamana kamaheran ngaregepkeun? Lamun téma mangrupa dasar sakabeh pedaran, tangtu baé kamaheran basa (ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis) kudu mangrupa sarana atawa tempat anu ngawadahan téma. Tegesna mah, wacana ngaregepkeun téh salawasna kudu luyu jeung téma anu diperedih ku kurikulum.

Dina nyusun bahan pembelajaran ngaregepkeun téh aya dua gundukan, nya éta a) tématis, jeung b) aspéktual.

(a) Pembelajaran Ngaregepkeun Tématis

Pembelajaran ngaregepkeun *tématis* nya éta pembelajaran (wacana) anu objek pembelajarana *lain aspék kabasaan*, tapi mangrupa téma (jejer) dina peristiwa komunikatif anu ngagambarkeun aspék: sosialisasi, intelektual, emosional, informasi faktual, ngarengsekeun masalah, jeung aspék moral. Jungkrunganana mangrupa kamampuh

nyerep gagasan, pamanggih, pangalaman, pesen (amanat) jeung rasa anu dilisankeun atawa ditulis tina pirang-pirang sumber.

(b) Pembelajaran Ngaregepkeun Aspéktual

Pembelajaran ngaregepkeun *aspéktual* nya éta ngaregepkeun anu objek pembelajaranana mangrupa aspék kabasaan atawa kasastraan. Kalungguhanana biasana mangrupa *subtopik*. Umumna mangrupa bagian tina aktivitas pembelajaran apresiasi sastra. Strategi pembelajaranana nya éta mangrupa strategi ngaregepkeun sastra. Najan kitu, pilihan bahan pangajaran ngaregepkeun apresiasi sastra bisa dipatalikeun jeung téma, bisa oge henteu.

Kumaha cara nyusun wacana ngaregepkeun dumasar *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA*, péréléanana bisa dititénan ieu di handap.

- 1) Tangtukeun heula téma pembelajaranana
- 2) Mekarkeun téma jadi sababaraha anak téma atawa subtéma
- 3) Pilih salah sahiji anak téma atawa subtéma
- 4) Mekarkeun subtéma jadi sababaraha topik atawa judul
- 5) Pilih salahsahiji judul téma atawa judul wacana jadi rangkay wacana (bubuka-eusi-panutup).
- 6) Wincik deui rarancang wacana
- 7) Mekarkeun bagian rarancang wacana jadi paragraf wacana
- 8) Padukeun bagian-bagian wacana jadi hiji
- 9) Kaji ulang draft wacana
- 10) Lakukeun revisi kana wacana nu dianggap can nyumponan sarat
- 11) Gandakeun wacana anu luyu jeung kaperluan.

C. RANGKUMAN

Ngaregepkeun téh mangrupa kagiatan anu kompléks nu sifatna reséptif aktif, meredih konséntrasi anu daria, interprétasi, persépsi, aprésiasi, évaluasi jeung réaksi. Lian ti éta, prosés ngaregepkeun ogé meredih kamampuh linguistik, cara ngaregepkeun anu éféktif, sarta kasayagaan méntal jeung fisik anu prima.

Fungsi atawa mangpaat ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa:

- (a) nyangkem informasi;
- (b) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé;
- (c) sangkan bisa ‘ngaréspon’ anu leuwih merenah kana naon anu kadéngé; jeung
- (d) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

D. LATIHAN

Jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Naon anu disebut ngaregepkeun?
2. Kamampuh naon wae nu ngawarnaan proses ngaregepkeun?
3. Sebutkeun tahapan-tahapan nu aya dina ngaregepkeun!
4. Sebutkeun fungsi jeung mangpaat ngaregepkeun!
5. Kumaha wae tahap-tahap proses ngaregepkeun teh?
6. Faktor-faktor naon wae nu mangaruhan kualitas ngaregepkeun teh?
7. Faktor-faktor naon wae anu mangaruhan kana kualitas ngaregepkeun?
8. Naon bedana ngaregepkeun intensif jeung ngaregepkeun ekstensif?